



Pou Piblikasyon Imedya: 03/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO, GOUVÈNÈ ROSSELLÓ AK PLIS PASE YON MILYE NOUYÒKÈ
TOUPATOU NAN ETA A RASANBLE POU SOUTNI PÒTORIKO**

*Plis pase yon milye Nouyòkè - depi Albany rive Buffalo - egzije aksyon imedya
nan men gouvènman federal la pou ede Pòtoriko*

*Gouvènè yo mande Prezidan Chanm nan Ryan ak Chèf Majorite Sena a McConnell
pou yo finanse totalman yon operasyon èd global pou sinistre ki monte 94.4 milya
dola*

*Plis pase 130 jou apre Siklòn Maria - rasanbleman nan tout eta a ap apiye sou pi
gwo efò nan tout nasyon an Gouvènè Cuomo ap fè yo pou ede Pòtoriko refè epi
rebati*

*Fè yo tande vwa ou: Mande Prezidan Chanm nan Ryan ak Chèf Majorite Sena a
McConnell pou yo ofri Pòtoriko sekou touswit - Prezidan Chanm nan Paul Ryan,
(202) 225-0600; Chèf Majorite Sena a McConnell, (202) 224-2541*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Gouvènè Ricardo A. Rosselló te mete tèt ansanm avèk plis pase yon milye Nouyòkè toupatou nan eta a pou rasanble pou soutni Pòtoriko epi mande gouvènman federal la pou li finanse totalman operasyon èd global zil la pou sekou pou sinistre ki monte a 94.4 milyon dola. Nan yon rasanbleman nan Vil New York, Gouvènè Cuomo ak Rosselló te mande Prezidan Chanm nan Paul Ryan ak Chèf Majorite Sena a Mitch McConnell pou yo ofri frè ak sè New York yo nan Pòtoriko sekou imedya, epi apèl alaksyon san presedan sa a te repete nan evènman nan Albany, Buffalo, Cornell, Rochester ak Syracuse. Vag soutyen sa a apiye sou angajman san rete Gouvènè Cuomo a pou li ede pèp Pòtoriko a rebati epi retabli rezo kouran li an, ki te sibi gwo donmaj poutèt Siklòn Maria an Septanm 2017.

“Pòtoriko se pa peyi etranje. Se sitwayen ameriken, frè ak sè nou, epi kòm Nouyòkè se responsablite nou pou nou garanti yo gen resous yo bezwen yo pou refè epi rebati”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan administrasyon federal la ap pyafe sou plas epi vwazen nou yo rete nan kondisyon inakseptab, angajman New York la anvè Pòtoriko p ap poze. N ap mande Prezidan Trump ak administrasyon li an pou yo finanse totalman operasyon èd global Pòtoriko ekstrèmman bezwen an, epi pou yo finalman aji san paspouki avèk sitwayen ameriken parèy nou yo.”

“Depi premye jou a, Gouvènè Cuomo te kanpe pou ede Pòtoriko rekonstwi, epi li kontinye kanpe chak jou avèk pwovizyon, resous ak soutyen”, **Gouvènè Ricardo Rosselló te deklare.** “Gras a soutyen li ak frè ak sè New York nou yo, nou fè anpil pwogrè nan rekonstriksyon nou an, men gen anpil travay ki pou fèt toujou. Nou kanpe ansanm pandan n ap mande Kongrè a pou li ba nou èd nou ekstrèmman bezwen an pou rebati nèt pi solidman pase anvan.”

Apiye sou efò Gouvènè Cuomo yo pou li pote resous nan zil la gras a Efò Soulajman ak Rekiperyasyon Empire State la (Empire State Relief and Recovery Effort) ak pwosede Èd Mityèl la (Mutual Aid), te gen aktivite rasanbleman kote plizyè santèn Nouyòkè te patisipe toupatou nan eta a nan dat samdi 3 fevriye. Te gen aktivite nan:

- **Albany** nan Albany Labor Temple
- **Buffalo** nan The Belle Center
- **Ithaca** nan Blding Byoteknoloji (Biotechnology Building) Cornell University a
- **Rochester** nan Legliz Our Lady of the Americas
- **Syracuse** nan The Warehouse Building

Depi pwosesis rekonstriksyon Pòtoriko a te kòmanse sa fè plis pase 130 jou, gen pwogrè ki fèt nan retabli kouran nan kèk kominote, men amelyorasyon esansyèl yo rete bloke poutèt mank atansyon ak finansman nan men gouvènman federal la, sa gen ladan retablisman kouran nan prèske yon tyè zil la.

Pou ankouraje gouvènman federal la finance imedyatman ak totalman Plan Rebati Pi Byen (Build Back Better Plan) 94.4 milya dola a, rele Prezidan Chanm ou an Paul Ryan nan (202) 225-0600 ak Chèf Majorite Sena a Mitch McConnell nan (202) 224-2541 epi fè yo tande vwa ou.

Retablisman kouran nan Pòtoriko

Selon enstriksyon Gouvènè a epi sou direksyon Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA), gwoup sèvis piblik New York la k ap travay sou retablisman kouran nan rejyon metwopoliten San Juan lan te retabli kouran pou prèske 280,000 kliyan, apeprè 91 pousan kliyan ki gen nan zòn lan. Avèk 297 sikwi distribisyon ki retabli, gwoup New York la ap antre nan dènye etap efò retablisman kouran li yo, epi yo panse sèvis elektrik yo ap an gran pati retabli nan rejyon San Juan nan disi mitan mwadmas.

Depi Novanm, selon enstriksyon Gouvènè a, Eta New York te kenbe yon gwoup plis pase 450 travayè sèvis piblik, sou direksyon NYPA, sa gen ladan travayè ki sòti nan Con Edison, National Grid, PSEG, Central Hudson Gas & Electric Corp, ak AVANGRID. Ekip yo ap kowòdone dirèkteman avèk Otorite Enèji Elektrik Pòtoriko a (Puerto Rico Electric Power Authority), an koperasyon ak Kò Enjenyèr Ameikèn lan (United States Army Corps of Engineers). Ekip yo antreprann reparasyon nan liy transmisyon yo epi ede nan lòt travay enfrazstrikti elektrik. Travayè ki soti nan konpayi itilite devwe sa yo te rive ak anpil santèn kamyon nasèl, pèl mekanik, ekskavatè ak lòt ekipman espesyalize pou antreprann reparasyon nesèsè transmisyon ki te sote yo ak liy distribisyon ki te kase yo.

Rebati Pòtoriko Pi Byen

An desanm, Gouvènè Cuomo ak Rosselló ak manm nan Delegasyon New York nan Kongrè a te sòti yon [Rapò](#) Rebati Pi Byen ki te mande yon operasyon èd global federal 94.4 milya dola pou rebati yon Pòtoriko pi solid, pi rezistan. Plan an te idantifye sektè presi yo ki bezwen investisman, tankou paregzanp lojman, rezo elektrik ak rezistans, agrikilti ak lòt bagay toujou. Ansanm ak 487 milyon dola pou sekirite piblik ak premye sekouris, ak 9 milya dola pou jesyon rekiperasyon alontèm, kantite finansman total ki nesesè a se 94.4 milya dola.

Gouvènè Cuomo te tabli tou Gwoup Travay sou Rezistans Enèji nan Pòtoriko a (Puerto Rico Energy Resilience Working Group) epi li te pibliye rapò "[Rebati Pi Byen](#)" an, yon plan konplè avèk rekòmandasyon sou kijan pou rebati epi transfòme sistèm elektrik Pòtoriko a an youn ki pi rezistan, efikas, avanse epi mwen depandan de enpòtasyon kabiran fosil ki koute Pòtoriken yo plis pase 2 milya dola chak ane. Rapò a, ki se yon kreyasyon Gwoup Travay sou Rezistans Enèji a, idantifye epi rekòmande yon total 17 milya dola an investisman nan reparasyon, rezistans ak modènizasyon sistèm enèji a nan Pòtoriko.

Efò Soulajman ak Rekiperasyon Empire State

New York deplwaye plis pase 1,000 manm pèsònèl epi li distribye 4,400 chasi pwovizyon li te ranmase nan 13 lokal donasyon toupatou nan eta a:

Pami pèsònèl ki deplwaye a gen:

- Plis pase 450 anplwaye sèvis piblik New York, plis pase 50 ekspè nan Retablisman Taktik Kouran, ak 15 espesyalis evalyasyon dega.
- 132 Polis Militè Gad Nasyonal
- 125 Enjenyè Gad Nasyonal
- 60 Solda Gad Nasyonal
- Kat elikoptè Black Hawk
- 14 Pilòt
- 156 Medsen, Asistan Medsen, Enfimyè, ak Pratisyen Enfimyè Volontè yo
- Plis pase 70 anplwaye Otorite Pòtyè (Port Authority)
- Plis pase 130 Troup Eta
- Ekip sipò lojistik ki gen senk manm ki soti nan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans nan Eta a (State Division of Homeland Security and Emergency Services) yo
- 2 pilòt dwòn Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation)

Pwovizyon yo distribye yo se:

- 3.2 milyon boutèy dlo
- 3.1 milyon kouchèt bebe endividyèl
- 1.9 milyon kouch
- 321,830 pwodwi feminin
- 101,520 kontenè manje tibebe
- 91,164 bwat konsèv

- 64,400 boutèy/sachè dlo/bwason espò yo
- 13,275 flach
- 8,600 lanp solè
- 5,440 twous premye swen
- 1,181 sistèm filtrasyon dlo
- 250,000 kilomèt kab itilite, 7,600 bwat jonksyon, 1,485 travès ak 50 transfòmasyon pou efò retablisman kouran yo
- Plis pase 1 milyon dola nan apwovizyonman medikan ki pi enpòtan yo pou San Juan, Vieques, Culebra ak lòt kote ankò, an patenarya ak GNYHA ak Fondasyon Afya.

John Leguizamo te deklare, “Garanti Pòtoriko resevwa finansman esansyèl pou rebati se bagay kòrèk ki pou fèt la, epi kòm yo se sitwayen ameriken menm jan avèk nou, li tan pou gouvènman federal nou an kanpe pou garanti rezidan zil la resevwa soutyen yo merite a. Mwen kanpe avèk Gouvènè Cuomo ak apèl alaksyon li an, pou non sèlman egzije asistans federal sa a, men epitou pou kanpe avèk frè ak sè nou yo ki nan tan bezwen dezespere sa a kounye a. New Yorkers te toujou epi l ap toujou kontinye fè yon diferans nan lavi moun ki bezwen li plis yo, epi apèl alaksyon sa a nan tout eta a se sèlman yon lòt egzanp jan nou pral kontinye kanpe avèk Pòtoriko jiskaske zil la rekonstwi nèt”.

Carlos Beltrán te deklare, “Anpil Nouyòkè sibi konsekans dirèk devastasyon Siklòn Maria kite dèyè li a, poutèt zanmi yo ak fanmi yo gen difikilte ranmase mòso yo pou rebati kay yo sou zil la. Sa pa gen sans pou apre tout tan sa a, pèp Pòtoriko a poko resevwa swen ak asistans finansye adekwat yo ekstrèmman bezwen epi merite yo. Kounye a li lè pou pran yon pozisyon epi soutni efò Gouvènè Cuomo yo pou egzije aksyon nan men gouvènman federal nou an - aksyon ki te deja nesèsè sa fè prèske 5 mwa. Frè ak sè nou yo merite pou yo trete yo tankou tout lòt sitwayen ak eta, epi mwen ankouraje administrasyon federal nou an pou li pase alaksyon”.

Manm Kongrè José E. Serrano te deklare, “Gras a Gouvènè Cuomo, New York mennen entèvansyon an alaswit Siklòn Maria nan Pòtoriko. Men eta nou an pa kapab aji poukont li. Pòtoriko bezwen yon sekou federal global k ap okipe tout kalite pwoblèm- depi nan lojman pase pa swen sante rive nan enfrastrikti rezistan. Sa fè lontan Administrasyon Repibliken sa a ak Kongrè a te dwe kanpe epi ede sitwayen ameriken ki devaste yo pandan sezon siklòn sa a”.

Senatè José M. Serrano Jr. te deklare, “Mwen kanpe an solidarite avèk Gouvènè Cuomo pandan n ap mande administrasyon federal la finanse operasyon èd global pou katastwòf 95 milya dola a ki pral rebati kominote yo epi retabli kouran nan Pòtoriko. Sa fè plis pase senk mwa depi Siklòn Maria ravaje zil Pòtoriko a, epi yon gran pati nan zil la toujou san kouran, li tan pou gouvènman federal nou an kanpe epi pran mezi ki te nesèsè depi premye jou a pou ede Ameriken parèy nou yo”.

Senatè Tim Kennedy te deklare, “Nouyòkè yo dwe fyè jan nou te twouse manch nou, fè yon sèl, pou soutni Pòtoriko nan tan bezwen li. Men djòb la poko fini. Mwen vizite Pòtoriko alaswit Siklòn Maria, epi devastasyon an ak etandi dega yo fann kè mwen. Pandan New York pral kontinye kanpe avèk Pòtoriko nan tout etap chimen an, m ap mete vwa mwen ansanm avèk pa Gouvènè Cuomo pou nou mande gouvènman federal la bay resous esansyèl ak asistans pou ede Pòtoriko kontinye nan wout long rekonstriksyon an. Pòtoriken yo se Ameriken epi yo bezwen èd nou kounye a”.

Senatè Rich Funke te deklare, “Sa fè plis pase kat mwa, Siklòn Irma ak Maria te devaste Pòtoriko. Rochester ak IBERO se refij pandan zil la ap kontinye refè epi rebati, yo akeyi plis pase 3000 rezidan plizyè jan. Kominote nou an pral kontinye kanpe an kolaborasyon avèk Gouvènè Cuomo pou soutni Ameriken parèy nou yo nan Pòtoriko”.

Manm Asanble Marcos A. Crespo te deklare, “Chak grenn Nouyòkè dwe fyè reyaksyon rapid eta nou an te genyen pou li ede Pòtoriko alaswit devastasyon Siklòn Maria a. Kote gouvènman federal la pa t pote sekou esansyèl bay zil la, Nouyòkè yo te la pou ede Pòtoriko ranmase mòso yo epi rebati kominote yo pi solidman ak pi byen pase jan yo te ye anvan. Gason, fi ak timoun sa yo se Ameriken parèy nou - nou pa kapab vire do ba yo nan tan yo plis bezwen nou an. Ansanm avèk Gouvènè Cuomo, mwen ankouraje gouvènman federal la bay resous esansyèl yo pou ede Pòtoriko kontinye efò rekonstriksyon li yo”.

Manm Asanble Luis R. Sepúlveda te deklare, “Chimen rekonstriksyon an alaswit Siklòn Maria long ak penib pou pèp Pòtoriko a. Gras a soutyen Gouvènè Cuomo ak yon kantite Nouyòkè, gen pwogrè k ap fèt chak jou men travay la poko pre fini. Operasyon èd global federal 95 milya dola a esansyèl pou kontinye efò yo pou retabli kouran, rebati kominote yo epi ofri aksè a dlo pwòp nan zil la. Nou ankouraje gouvènman federal la pou li jwe wòl pa li a epi apwouve imedyatman finansman esansyèl sa a”.

Manm Asanble Maritza Davila te deklare, “Plis pase kat mwa apre Siklòn Maria te devaste Pòtoriko, plizyè dizèn milye sitwayen toujou san kouran ak san dlo potab pwòp. Sa se twòp atò. Li tan pou gouvènman federal la swiv egzanp Gouvènè Cuomo epi bay moun sa yo sekou yo ekstrèmman bezwen an. Mwen mete vwa mwen ansanm avèk pa de Gouvènè yo pou ankouraje Washington sispann trennen pye li epi finanse totalman operasyon èd global 95 milya dola a”.

Manm Asanble Carmen N. De La Rosa te deklare, “Depi plis pase 130 jou, Ameriken parèy nou yo nan Pòtoriko ap travay jou apre jou pou rebati vi yo ak zil yo a apre siklòn Maria fin ravaje yo. Nou menm isit la nan New York nou pa bliye frè ak sè pòtoriken nou yo epi nou sou teren an avèk yo, ap pote soutyen ak pwovizyon yo ekstrèmman bezwen yo, depi premye jou a. Sa vin deplizanpli klè pou anpil moun gen anpil asistans anplis ki nesèsè - nou mande gouvènman federal la pou li finanse totalman operasyon èd global 95 milya dola a ki pral pèmèt sitwayen Pòtoriko yo finalman vanse avèk lespwa yon pi bon demen”.

Manm asanble Sean Ryan te deklare, “Vil Buffalo jwenn fòs li gras a anpil rezidan ki dorijin pòtoriken, epi New York ak Pòtoriko gen yon relasyon espesyal depi lontan. Alaswit Siklòn Irma ak Maria, Nouyòkè yo toupatou nan eta a fyè kanpe pou ede frè ak sè nou yo ki nan bezwen. Men gouvènman federal la pa fè fas a responsablite li devan pèp ameriken an, olye de sa li trete pèp Pòtoriko a tankou sitwayen enferyè. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li di Abraham di sètase epi mwen mete vwa mwen ansanm avèk li pou mande Prezidan Trump fè sa ki kòrèk la epi bay asistans Pòtoriko bezwen an pou li fin rekonstwi nèt. Se avni zil la ak sitwayen parèy nou yo ki an je”.

Prezidan Minisipalite Bronx la Ruben Diaz Jr. te deklare, “Reyaksyon Nouyòkè yo se yon enspirasyon, epi pa gen dout Pòtoriko pi bon jodi a pase jan li t ap ye a san soutyen ak devouman Nouyòkè yo. Li enperatif pou nou kontinye klere limyè sou devastasyon an nan Pòtoriko epi pou nou rive fè gouvènman federal la aji. Nouyòkè yo

ap fè pati pa yo a, epi kounye a li tan pou prezidan Trump ak gouvènman federal la fè pa yo a”.

Konseye Rafael Salamanca Jr. te di, “Kòm yon moun dorijin pòtoriken, se nan moman konsa nou pa kapab bliye kontribisyon alontèm pèp pòtoriken an pote nan Bronx, nan vil nou an ak nan eta nou an. Nan tan bezwen kote Pòtoriko ye kounye a, nou dwe kontinye fè tout sa nou kapab gras a asistans ak defans enterè li pou garanti frè ak sè pòtoriken nou yo kapab rekonstwi. Mwen fyè patisipe avèk Gouvènè Cuomo pandan New York pran devan nan efò sa yo”.

Egzekitif Konte Onondaga Joanie Mahoney te deklare, “Lè Siklòn Maria te devasté Zil Pòtoriko, Gouvènè Cuomo te pran devan imedyatman nan efò sekou yo pou ede moun ki te nan bezwen yo. Moun toupatou nan Eta a, sa gen ladan anpil nan New York Santral, te kanpe pou fè benevola, donasyon oswa pou ofri moun ki te nan bezwen yo èd yo epi nou remèsye yo pou efò yo”.

Egzekitif Konte Erie Mark C. Poloncarz te deklare, “Gouvènè Cuomo ak pèp Eta New York la se zanmi Pòtoriko depi lontan epi nou fyè pami moun ki te alawotè yo lè konpatiyòt nou yo te bezwen asistans alawit Siklòn Maria. Gras a Lwa sou Sekou ak Rekonstriksyon Empire State la (Empire State Relief and Recovery Act), Gouvènè Cuomo ofri sèvis, pwodui ak donasyon ki te nèsesè anpil pou ede pote asistans bay moun ki te bezwen yo alawit devastasyon an. New York ap toujou kanpe pou ede Ameriken parèy nou yo, epi mwen ankouraje administrasyon federal la pou li fè menm bagay la epi ofri asistans esansyèl zanmi nou ak sitwayen parèy nou yo nan Pòtoriko merite”.

Majistra Buffalo Byron Brown te deklare, “Pòtoriko toujou anba chòk devastasyon Siklòn Maria pote a. Anpil moun toujou san kouran ni dlo pwòp, epi y ap lite pou rebati vi yo ak zil yo a. Sou lidèchip ak selon enstriksyon Gouvènè Cuomo, New York alavangad efò sekou a, ap pote pwovizyon esansyèl, pèsonèl ak sa ki pi enpòtan, swen pou frè ak sè nou yo nan Pòtoriko. Li lè li tan pou gouvènman federal la kanpe epi pran angajman finans totalman yon operasyon èd global, epi konsa swiv egzanp New York nan pote yon asistans ki nesèsè anpil nan Pòtoriko”.

Majistra Vil Rochester a, Lovely Warren te deklare, “Senk mwa apre Siklòn Maria te frape Pòtoriko, zil la toujou san resous esansyèl yo. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York vin yon alye esansyèl pou Pòtoriko, nan pran mezi nesèsè yo pou ede moun ki nan bezwen yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou soutyen li pandan pwosesis long sekou ak rekonstriksyon sa a, epi mwen ankouraje gouvènman federal la swiv egzanp New York la”.

Majistra Syracuse Ben Walsh te deklare, “Nou pa sezi dèske Gouvènè Cuomo te gide New York nan ede Pòtoriko, paske lè yon moun nan bezwen, Nouyòkè yo toujou kanpe. New York bay moun ki nan Pòtoriko yo resous esansyèl. Sikonstans sa yo terib, epi mwen ankouraje gouvènman federal nou an ofri moun ki nan bezwen yo nan Pòtoriko asistans ak finansman total”.

Prezidan Metye Batiman an nan Rejyon Kapital la (Capital Region Building Trades), Jeff Stark, te deklare, “Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York se yon alye esansyèl Pòtoriko pandan l ap kontinye rebati epi refè alawit pasaj ekrazan Siklòn Maria men gouvènman federal la ap kontinye trennen pye li nan pran mezi pou ede

viktim sa yo. N ap mande reprezantan nou yo nan Washington pou yo kanpe epi voye resous, finansman ak asistans nan Pòtoriko pou ede efò rekonstriksyon yo kontinye. Yo se Ameriken menm jan avèk nou epi refize yo asistans esansyèl, vital sa a se yon bagay ki kontrè a tout sa nou reprezante kòm nasyon”.

Prezidan-Direktè Jeneral IBERO a Hilda Escher te deklare, “Pòtoriko poko pre pou li refè anba efè devastatè Siklòn Maria te genyen sou kominote li yo sa fè prèske kat mwa. Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, New York se yon prezans fèm, ki ofri soutyen, pwovizyon ak pèsònèl pandan zil la ap rebati epi retabli enfrastrikti li. Sepandan, si asistans la pa kontinye, zil la pral san dout soufri - gouvènman federal la dwe aji epi pote asistans esansyèl bay frè ak sè pòtoriken nou yo pou akselere pwosesis rekonstriksyon an epi kanpe avèk Ameriken parèy nou yo”.

Direktè Egzekitif Belle Center a Lucy Candelario te deklare, “New York montre sa vle di pou nou la pou Ameriken parèy nou yo nan tan yo plis bezwen nou an. Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, New York voye pwovizyon ak resous esansyèl pou ede nan efò rekonstriksyon yo sou zil la men gouvènman federal la poko fè pati pa li a. Mwen ankouraje reprezantan nou yo nan Washington pou yo voye asistans imedyatman bay Pòtoriko epi pou yo pran angajman ede zil la refè epi rebati”.

Vis-Prezidan Angajman Kominotè a nan Syracuse University, Bea Gonzalez te deklare, “Sa fè plis pase 120 jou depi Siklòn Maria te devaste plizyè pati nan Etazini, sa gen ladan Pòtoriko. Sepandan zil Pòtoriko a toujou byen lwen jan li te ye anvan tanpèt la. Gras a Gouvènè Cuomo, Eta New York se yon soutyen kle pandan zil la ap navige sou wout long rekonstriksyon li an. Li esansyèl pou gouvènman federal la bay pèp Pòtoriko a asistans ki nesèsè anpil la lepli vit posib”.

Pwofesè Etid Ameriken ak Dwayen Fòmasyon Kontini ak Sesyon Dete nan Cornell University Glenn C. Altschuler te deklare, “Plizyè milye Pòtoriken toujou san kouran ak san aksè a dlo potab pwòp, epi repons Washington nan klèman ensifizan. Nou dwe ede Pòtoriko rebati kominote li yo pou yo kapab retounen nan vi nòmal yo. Mwen fyè kanpe avèk Gouvènè Cuomo, lòt lidè New York, ak kòlèg mwen yo nan Cornell University pou ede Pòtoriko rebati epi refè”.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou efò sekou ak retablisman ki ankou deja nan Pòtoriko yo, epi pou w jwenn enfòmasyon sou kijan ou ka ede, tanpri vizite [pajwèb](#) Efò Soulajman ak Rekiperasyon Empire State Gouvènè a te mete sou pye a pou ede Pòtoriko ak Zile Vyèj Ameriken yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)